

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Bilten JILAP
Bulletin JILAP

15

Pòtoprens, jiyè 2006

Men ki sa n ap jwenn nan Bilten sila a

Yon ti mo pou louvri Bilten an	3
Pou refleksyon nou	6
Deklarasyon Jilap nan peyi a	9
Fòmasyon	17
Jilap te patisipe	24
Dokiman	31
Kòmantè	37
Batay pou dwa moun toupatou sou tè a	40

Publikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR ansanm ak Komisyon Ewopeyen an. Se Komisyon Jistis ak Lapè a ki sèl responsab sa k ekri nan Bilten an. La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR et de la Commission Européenne. La responsabilité du contenu des articles publiés dans ce Bulletin revient à la seule Commission Nationale Justice et Paix.

Yon ti mo pou louvri Bilten an

Depi dènye Bilten an nan finisman 2005 la, anpil evènman make peyi a. Nan mwa fevriye te genyen eleksyon pou Prezidan peyi a ak pou reprezantan pèp la nan lachanm ak nan sena a. Men, pwosesis elektoral la pokò rive bout. Nan depatman Nòdès la pokò genyen senatè ; lòt kote nan peyi a pokò genyen depite. Kanmenm, depi nan mwa me lachanm ak sena antre an fonksyon ; Prezidan an pran plas li epi genyen yon gouvènman lejitim nan peyi a. Peryòd tranzisyon byen long sila a preske rive bout. Men, sa pa vle di divès pwoblèm peyi a gen tan jwenn yon solisyon. Pokò genyen yon vre deba piblik ki tanmen fèt sou divès kesyon yo.

Komisyon an swete pou tout moun ki te asepte pran yon fonksyon nan Leta konsyan enpòtans travay la ak gwo responsablite yo genyen. Anpil kesyon merite yon solisyon prese prese ; epoutan, anpil kesyon mande pou yo kapab mennen yon bon refleksyon tèt frèt si n vle pou peyi a mache nan bon direksyon. Desantralizasyon, refòm lajistis, lit kont chomaj ak lamizè, relanse ekonomi peyi a ak pwodiksyon lokal la, zafè vyolans nan peyi a, ... Se kèk nan pakèt pwoblèm ki nan kò popilasyon an, sitou moun ki pi pòv yo. Divès preyoqipasyon Komisyon yo nan tout peyi a genyen parèt nan divès deklarasyon ak mesaj yo pibliye nan divès sikonstans. Nou fè lektè nou yo sonje divès deklarasyon sa yo nan Bilten sa a.

Tèks nou te chwazi « Pou refleksyon nou », reprann Mesaj Jounen Lapè 1 janvyè 2006 la : *Nan Laverite, Lapè*. Pou bati lapè, fò n aprann viv nan laverite ak tèt nou ni ak tout moun ki bò kote n yo. Nan tan sa a, anpil vwa pale sou Lapè. Men, eske « pale lapè » sifi pou di n ap konstwi lapè toutbon ? Yon ti kòmantè antre nan kesyon sila a. Lapè se yon batay ki mande pou tout sitwayen pran responsablite yo.

Yon lòt kontribisyon pale sou kèk pwojè fòmasyon Komisyon an patisipe ladan yo. Plizyè reprezantan Komisyon an te patisipe nan kèk rankont entènasyonal. Nou jwenn yon ti rapò sou eksperyans yo te fè a. Toujou, nou pote enfòmasyon sou kèk lòt inisyativ ki gade travay pou lapè ak lit pou dwa moun nan.

Nan Bilten sa a toujou, nou prezante yon dokiman, premye lèt ansiklik Pap Benwa 16 la, ki rele : *Bondye se renmen*. Genyen yon kesyon ki parèt nan dokiman an ki merite anpil kalkil : ki sa k mare renmen an ak travay pou genyen jistis ki mennen lapè nan sosyete a ?

Sa se pi gwo atik yo n ap jwenn nan *Bilten* sa a. Nou espere l ap sèvi pou manm Jilap yo kontinye fòme tèt yo gras ak sa y ap jwenn nan divès atik yo.

Ekip *Bilten* an salye ou.

Editorial

Depuis la publication de notre dernier Bulletin en 2005, de nombreux événements se sont déroulés dans le pays. Au mois de février 2006, nous avons vécu les élections présidentielles et législatives. Mais le processus électoral n'est pas encore arrivé à terme. Le département du Nord-est n'a pas encore achevé l'élection des sénateurs ; dans un nombre de circonscriptions, il n'y a pas encore des députés ; ensuite, pour l'ensemble du pays il faut encore les élections pour les collectivités territoriales. Depuis le mois de mai, la chambre des députés et le sénat sont entrés en fonction ; le Président de la République est officiellement installé ; il y a un gouvernement légitime dans le pays. Une période de transition bien longue semble presque bout ; mais les problèmes du pays sont loin d'être résolus. Un vrai débat public sur ces questions n'est pas encore en vue.

La Commission souhaite sincèrement que tous ceux et celles qui ont accepté une responsabilité étatique, soient conscients de l'importance de celle-ci. De nombreuses questions demandent des réponses urgentes ; mais cela n'empêche pas qu'il faut mener des réflexions profondes pour faire avancer le pays dans une bonne direction. Décentralisation, réforme de la justice, lutte contre le chômage et la misère, relance de l'économie et de la production nationale, la violence qui sévit en plusieurs endroits ... ce ne sont que quelques-unes des ces questions qui préoccupent les gens et les pauvres en particulier. Les

préoccupations des Commissions à travers le pays sont exprimées dans les différentes déclarations et messages publiés dans diverses circonstances. Nos lecteurs peuvent prendre connaissance de ces prises de positions dans ce Bulletin.

« Pour notre réflexion », nous avons choisi le message de Benoît 16 pour la Journée internationale pour la Paix (1 janvier 2006) : *Dans la Vérité, la Paix*. Vivre dans la vérité avec soi et avec les autres est une exigence fondamentale pour la construction de la Paix. Aujourd'hui, beaucoup de personnes parlent de la Paix ; mais, est-ce que cela suffit de parler sur la paix pour qu'il y ait la paix vraiment ? Un commentaire entre dans cette question. La paix est le résultat d'une lutte qui demande que tous et toutes assument des responsabilités concrètes.

Une contribution mentionne des projets de construction de la Paix auxquels participe la Commission. Ensuite, quelques membres de Justice et Paix ont participé à des rencontres internationales. Ils en rendent compte dans ce Bulletin. Vous trouverez d'autres informations toujours sur des initiatives qui concernent la paix et la lutte pour le respect des droits humains.

Ce Bulletin présente également la première lettre encyclique du Pape Benoît 16 : *Dieu est Amour*. Une question importante y est soulevée : quel est le lien entre l'amour et la lutte pour la justice qui renforce la paix dans la société ?

Voici les plus importantes contributions que vous trouverez dans ce *Bulletin*. Nous espérons que le *Bulletin* sera utile en premier lieu pour la formation continue de nos membres. Bonne lecture.

L'équipe du *Bulletin* vous salue.

Nan Laverite, Lapè

MESAJ PAP BENWA 16
Pou Jounen Mondyal Lapè
1 janvyè 2006

Le premier janvier de chaque année est consacré comme Journée mondiale de la Paix. Cette année le Pape Benoît 16 a consacré son message à une réflexion sur le lien entre la paix et la vérité : « Dans la Vérité, la Paix ». Nous reproduisons un résumé du document en langue créole.

Tèm refleksyon sou Lapè pou lane 2006 la montre gran konviksyon sila a : moun ki kite bèlte laverite a klere lavi li, menm san l pa konnen, se nan chimen lapè a li ye. Nou dwe sonje sa lapè ye : Lapè se pa sèlman lè pa gen konfli, men se lè sosyete a koresponn ak sa Bondye vle. Sa vle di : yon sosyete ki reyalize toujou pi byen sa ki kòrèk nan mitan moun yo, li sou wout lapè.

Konsa, lapè se yon kado, yon gras Bondye. Li mande pou nou pran yon gwo reskonsablite pou fè listwa reponn ak pwojè Bondye a, selon laverite, selon sa ki kòrèk, yon fason lib ak nan renmen. Lè moun yo pa asepte lwa moral sa a ki depase yo, ki pou tout moun e ki ekri nan kè yo, lè pa gen devlopman entegral moun, lè pa gen respè pou dwa fondamantal yo, lè anpil pèp dwe sibi enjistis ak inegalite nou pa kab asepte, ki jan nou kapab espere ap genyen lapè ? ... Lapè boujonnen kote yo reyalize divès kondisyon sa yo ki pèmèt yo respekte e reyalize an plen laverite sou sa yon moun ye.

Ki sa ki kapab anpeche nou reyalize lapè sa a ? Se manti an. Gade Liv Jenèz ak Apokalips. Manti an mache ak malè peche a ni ak tout move konsekans li yo ki lakòz yon pakèt dram nan lavi moun ak nasyon yo. Gade

sa k te pase nan dènve syèk la, lè yo te disparèt yon pakèt moun, fanmi ak kominote.

Lapè se yon aspirasyon ak yon anvi k ap viv nan kè tout moun. Li pwofon, ou pa ka disparèt li. Se poutèt sa tout moun dwe pran angajman pou l kab reyalize. Tout moun yo manm yon menm fanmi. Nou pa kab mete laksan sou diferans ki genyen ant moun yo jous pou kache verite fondamantal sa a. Nou dwe sonje nou genyen yon menm destine ansanm ki depase sa nou ye. Konsa, n ap kapab bay diferans istorik ak kiltirèl nou yo valè san nou pa mete youn anfas lòt, men yon fason pou n rankontre ak yon moun ki genyen yon lòt kilti ak nou. Verite senp sa yo fè lapè vin posibil. Nou kapab konprann yo pi fasil lè yon moun koute kè l.

Lè n pale konsa, lapè parèt nan yon lòt limyè. Lapè pa vle di : pa genyen lagè ; men, lapè se byen viv ansanm pami sitwayen yo nan yon sosyete kote k gen jistis, yon sosyete kote y ap reyalize sa ki byen pou tout moun pi plis posibil. Laverite ki mache ak lapè mande pou tout moun viv nan bon relasyon youn ak lòt nan senserite. Li mande pou moun yo mache nan chimen padon ak rekonsilyasyon, pou genyen transparans lè youn pale ak lòt, epi pou chak moun fidèl ap pwòp pawòl pa l. Yon disip Jezi toujou ap tounen kot Mèt li. Paske, Jezi te di : Mwen se laverite ; epi, nan Liv Apokalips la menm li montre l an dezakò nèt ak tout moun ki pale e pratike manti. ... Jezi se laverite ki bay lapè.

Laverite ki mache ak lapè genyen valè menm kote k genyen lagè. ... Kominote entènasyonal la gen tan bay tèt li yon Dwa imanité entènasyonal pou limite dezas lagè yo konn fè, sitou pou popilasyon sivil yo. Tout pèp yo dwe respekte Dwa imanité entènasyonal sila a. [...]

Jodi a toujou, yo kontinye voye jete verite lapè a lè y ap komèt pakèt zak teworis, ak zak kriminel ki fèmen moun nan prizon laperèz ak ensekirite. Yon teworis se yon moun ki pa kwè nan anyen. Li meprize lòt moun. Li pa gen espwa nan lavi a ak nan yon avni. Moun sa a rayi epi detwi tout bagay. Fanatis relijye a, yo konn rele tou fondamantalis, kapab sous pawòl ak zak teworis. Ou pa kab fòse sou lòt moun konviksyon ou menm ou genyen sou laverite. Jan Pòl 2 t ap di : « Pretann fòse ak vyolans pou lòt moun asepte sa

ou konsidere kòm laverite, se vyole diyite lòt moun nan, epi se ofanse Bondye, paske moun se pòtre l. »

Lè n gade byen, moun ki pa kwè nan anyen (sa yo rele *nihilis*) oswa sa k vle enpoze verite l sou lòt moun ak fòs (sa yo rele *fondamantalis*), toulede genyen yon relasyon ak laverite ki pa kòrèk. Toulede defòme Verite a ki se Bondye li menm. Moun ki pa kwè nan anyen an (sa yo rele *nihilis* la) voye jete egzistans ak prezans Bondye nan listwa ; fondamantalis la defòme imaj yon Bondye ki renmen tout moun e ki gen kè sansib.

Devan tout risk moun sou tè a ap viv jounen jodi a, se yon devwa pou tout katolik toupatou sou tè a bay yon pi gwo temwayaj pou « Levanjil Lapè a ». Yo dwe anonse tout verite sou Bondye kòm premye kondisyon ki pa ka manke pou ranfòse verite lapè a. Bondye se Renmen ki sove, li se Papa ki vle wè pitit li yo youn rekonèt lòt tankou frè ak sè, ki mete tout talan yo nan sèvis «sa k nan enterè tout moun» nan fanmi imèn nan, yon fason reskonsab. Bondye se yon sous esperans ki pa janm fini e ki bay lavi chak moun ak lavi nan kominote a yon sans. Bondye, epi Bondye sèl fè tout travay pou lapè vin efikas.

Lè n gade kontèks mondyal la jounen jodi a, nou kontan wè kèk siy espwa sou wout konstriksyon lapè a. Pa egzanp, genyen mwens konfli ak zam jounen jodi a.

Tout sa pa dwe fè n pèdi bon sans nou. Gen gwo konfli ant frè ak sè, gen lagè k ap detwi k ap kontinye toujou. Gen konfli ki kontinye anba anba e ki kapab tounen yon lòt fwa. Gen otorite k ap chofe santiman lènmi ak lòt nasyon, olye yo fè sa yo kapab pou simen lapè. ... Gen gouvènman ki konte sou zam nikleyè pou garanti sekirite peyi yo. ... Ak lajan zam nikleyè sa yo koute yo ta kab reyalize pwojè devlopman ki benefisyè tout moun, sitou sa k pi pòv yo.

Nou pa kapab pa wè, e nou regrèt li, jan depans militè ak komès zam toujou ap fleri, tandiske tout pwosesis politik ak jiridik kominote entènasyonal la te mete sou pye pou ranfòse dezameman an ap make pa sou plas, san pyès moun pa sanble enkyete.

Premye moun ki ta benefisye yon chwa solid pou dezameman an, se peyi pòv yo k ap mande pou, apre tout pwomès ki te fèt yo, yo reyalize dwa yo pou yo kab benefisye fwi devlopman an. ...

Pou fini mesaj la, mwen vle pale yon pawòl espesyal ak tout moun ki kwè nan Kris la, pou yo kab tounen disip Granmèt la. Ann koute levanjil la pou aprann fonde lapè sou laverite yon vi chak jou ki baze sou renmen an. Chak kominote dwe angaje tèt li nan yon travay edikasyon ak temwayaj ki fè chak moun konprann e dekouvri verite lapè a. ... Ak konfyans, ann gade sou Mari ki Manman Prens Lapè a.

Vatikan, 8 desanm 2005

Deklarasyon Jilap nan peyi a

Nou fè sonje divès deklarasyon Jilap te fè depi mwa desanm 2005 rive mwa jen 2006.

Pour la mémoire, dans cette rubrique nous mentionnons les interventions publiques de Jilap depuis décembre 2005 à mai 2006. Le texte intégral de ces interventions se trouve sur le web : www.forumcitoyen.org.ht/jilap.

Jilap nasyonal

Lèt tou louvri pou Mesye Hérard Abraham swit a evènman ki te pase nan zòn fwontyè Wanament – Djabon, nan dat 16 janvyè 2006.

Jilap nasyonal mande prese prese pou gouvènman ayisyen an sòti nan silans sou nouvo pwoblèm k ap travèse relasyon ayisyen ak dominiken. Jilap egzije yon ankèt sou pwoblèm nan, pou jwenn reskonsab yo. Li mande plis transparans nan jesyon dosye chak sitwayen, ki se sous soufrans imilyasyon pou tout ayisyen ki renmen peyi yo.

Mesaj Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè nan okazyon dezyèm dimanch karèm nan Legliz katolik, jou ki te 12 mas 2006

Komisyon an salye eleksyon mesye René Garcia Préval kòm Prezidan nan tèt peyi a. Apre sa, mesaj la fè tout moun sonje tèm Komisyon an te pwopoze pou tan karèm nan : « Swiv Jezi kòm sitwayen kretyen nan peyi d Ayiti ».

Komisyon an « **ankouraje nouvo Gouvènman an k ap pran plas li kòm Pouwa Egzekitif nan tèt peyi a anvan lontan, pou l chache rezoud preseprese kèk pwèn sa yo :**

- Yon politik sekirite ki montre respè pou lavi tout moun.
- Yon politik edikasyon ak lasante ki anfavè sa k pi mal yo nan peyi a.
- Yon politik pwodiksyon nasyonal, paske se nan pwodiksyon natifnatal pèp la montre vrè konpetans ak kapasite l yo kòm pèp ki pran desten l nan men l.
- Yon politik anplwa ki pèmèt anpil jèn jwenn travay pou konstwi avni pa yo.
- Yon vizyon klè sou wòl Leta ak divès sèvis li yo. Sèvis ki efikas montre respè Leta genyen pou diyite sitwayen l yo.
- Pami enstitisyon yo ki dwe mache, nou site :

- Yon palman ki pa nan dilatwa ak laviwonndede ; men ki kreye yon kad legal pou pèmèt genyen kondisyon devlopman pou peyi a.
- Yon Pouvwa Jidisyè endepandan, onèt ak konpetan ki pa nan moun pa ak tout kalte paspouki. Lajistis dwe sispann yon machandiz.
- Yon Pouvwa Egzekitif efikas ki asire edikasyon pou chak timoun ; lopital Leta ki efikas san pa gen koripsyon ; yon etasivil ki pèmèt moun afime tèt yo kòm sitwayen peyi a.
- Finalman, Gouvènman an dwe mete sou pye yon politik relasyon entènasyonal ki respekte diyite n kòm pèp nan mitan lòt nasyon yo. »

Divès pozisyon Komisyon nasyonal la te pran nan kad eleksyon yo

Lèt toulouvri 13 septanm 2005 pou prezidan ak manm KEP yo ak òganizasyon dwa moun sou rejistrasyon sitwayen yo nan seksyon kominal yo.

Nòt pou laprès, 21 septanm 2005, sou zafè eleksyon nan seksyon kominal yo.

Komisyon Jistis ak Lapè atire atansyon tout moun sou fason yo vle eleksyon nan seksyon kominal yo. Sa parèt plizyè kote : anrejistreman kat sitwayen yo pa rive tout kote ; fason yo òganize sant vòt yo pa nan avantaj moun nan seksyon yo, yo pa prevwa anyen pou moun ki pa konn li ak ekri yo.

Nòt pou laprès, 20 novanm 2005.

Komisyon an esprime l yon lòt fwa ankò preyoqipasyon l ak kè sote li genyen sou zafè eleksyon an.

Lèt tou louvri 20 desanm 2005 pou manm KEP yo.

Men ki sa Komisyon an te pwopoze : KEP la dwe asire ap genyen trafik transpò piblik nòmalman nan jou eleksyon yo. Kote k gen difikilte pou moun rive nan biwo vòt yo, li sijere pou Leta menm ta òganize sèvis transpò piblik sa a pou ede sitwayen yo rive kote yo dwe rive a. Elatriye...

Nòt pou laprès, 20 janvyè 2006.

2 semèn anvan eleksyon an, Komisyon Jistis ak Lapè ki angaje afon nan obsèvasyon elektoral la ak plis pase 1000 obsèvatè atravè peyi a, trase bilan li fè sou fason preparasyon eleksyon yo te fèt.

Nòt pou laprès, 9 fevriye 2006.

Premye evalyasyon jounen vòt 7 fevriye a. An gwo : Komisyon an konstate jan KEP la ak tout enstans ki te mele nan preparasyon eleksyon yo te mal prepare operasyon elektoral la. Se gras ak konpòtman sivik popilasyon an menm ki te vle esprime chwa li, ki fè eleksyon pa t tounen yon dezas.

Nòt pou laprès, 11 avril 2006.

Komisyon an di li pa konprann fason KEP la sanble mete obsèvatè nasyonal yo ak mandatè pati politik yo nan menm sak. Konsa, nou pa konprann tout limit KEP la pa mete pou obsèvatè nasyonal yo kapab genyen aksè nan biwo vòt yo.

Lèt tou louvri, 23 fevriye 2006, pou manm KEP yo, sou preparasyon dezyèm tou eleksyon an.

Nòt pou laprès, 25 avril 2006, premye evalyasyon jounen vòt 21 avril 2006 la.

Divès amelyorasyon te fèt nan aparèy elektoral la. Men, gwo kesyon ak lis elektoral yo rete. Plizyè kote te genyen magouy ak vyolans, plis pase nan premye tou eleksyon yo.

Jilap Pòtoprens

Mesaj 11^{zyèm} Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, ki te fèt Kafòj kay Pè Eskalabrini, Lilavwa 48, sòti 31 dawou pou rive 4 septanm 2005. Tèm mesaj la: «Pa ka gen Lapè san Jistis ak Verite».

Patisipan yo te konstate de jou an jou peyi a ap depafini chak jou pi plis, sou plan sosyal, politik ak ekonomik. Nan sans sa a, Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens ap fè n sonje ki sa lapè vle di :

- bon jan relasyon ki kòrèk nan mitan moun
- kondisyon pou satisfè bezwen fondamantal moun genyen
- pèmèt tout moun reyalize tèt yo nan diyite ak respè, dapre ansèyman sosyal legliz la.

Pou genyen jistis ak verite Komisyon an mande :

- pou otorite leta yo ranmase eskap figi yo nan pran bon desizyon ki kadre ak lalwa
- nan kreye bon kondisyon pou moun viv nan katye popilè yo, kreye travay yon fason pou kouri dèyè ensekirite ki se konsekans chomaj ak lamizè
- pou lapolis mezire entèkansyon l yo nan anpeche inosan viktim pou koupab. Lapolis dwe idantifye l nan tout entèkansyon l ap fè (san kagoul).

Pou fini Jilap Achipo di : si tout kondisyon sa yo rive tabli, n a fè yon pa pou n rive nan yon sosyete ki chita sou lapè, jistis ak verite.

Nòt pou laprès, jou ki te 19 desanm 2005.

Komisyon Achidyosèz Jistis ak Lapè Pòtoprens ap atire atansyon otorite yo ak popilasyon ayisyen an sou move eta anviwònman depatman Lwès la ki reprezante gwo danje pou diyite ak dwa moun. Nòt sa a konsènen zòn Kafou Fèy, ki chita nan zòn Sid Pòtoprens,

yon zòn ki dominan vil Pòtoprens la pou jan li sitiye a sou plan jewografik li. Nou wè gen gwo danje ki pandye sou tèt moun k ap viv epi sikile nan zòn sa a.

Nòt pou laprès. Jou ki te 6 mas 2006. Komisyon Achidyosèz Jistis ak Lapè Pòtoprens lanse yon S.O.S sou sitiyasyon ki genyen sou Zile Lagonav. Moun Pwentarakèt merite viv tankou pitit Bondye.

Pou moun Pwentarakèt sikile anndan bouk la, se yon kaskèt chinwa. Lè nou konstate anndan bouk la, wout la se yon wout tè, lè lapli tonbe se labou, e lè solèy mete pye se pousyè ki ap bay moun yo tout kalte maladi tankou grip, gratèl, elatriye. Pou moun ki pa konnen Pwentarakèt, pou jwenn yon ti gout dlo pou sove lavi moun, fòk ou mache plizyè kilomèt. Gen delè moun zòn nan konn fè 2 jou deyò anvan yo rive antre ak yon ti bokit dlo, sitou nan peryòd sechrès. Sitiyasyon sa a pi difisil pou ti malere yo, paske moun ki gen yon ti mwayen fè yon rezèwa lakay yo pou ranmase dlo lè lapli tonbe.

Sitiyasyon Pwentarakèt difisil nan tout sans :

1. Pò a pa bon pou pèmèt chaloup yo vini alèz.
2. Pou sòti Pwentarakèt ale Ansagalè, ou peye 400 goud, paske wout la pa bon menm.
3. Pa gen anpil machin. Nan bouk sa a, se sèlman 3 machin ki genyen.

Chak de mwa, Jilap nan achidyosèz la te pibliye rapò sou zak vyolans nan zòn metwopoliten an. Jou ki 29 jen, nan yon jounen refleksyon sou vyolans la, Komisyon an te fè bilan 4 lane obsèvasyon an. Pandan 4 lane sa yo, pou pi piti 2506 sitwayen, granmoun ak timoun, gason kou fi, pèdi vi yo nan divès zak vyolans nan zòn kapital peyi a. Pi fò nan yo mouri anba bal. Sa fè n wè prezans ti zam yo nan peyi a se yon danje toutbon ki fè pa kab genyen lapè nan mitan sitwayen yo.

Jilap Jakmèl

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè pawas Katedral Jakmèl, nan okazyon jounen nasyonal la, jou ki te 12 mas 2006. Tèm lan se : « *Sitwayen, jistis, rekonsilyasyon, renmen ak lapè se zouti pou rebati peyi nou* ».

Nan sitiyasyon malouk sa a, li enpòtan pou chak moun rive pran konsyans pou rebati peyi nou an, nan renmen ak bon jan jistis, tolerans ak rekonsilyasyon. Konsa nou mande :

- Pou jistis la kòmanse aplike depi nan fanmi yo pou rive nan administrasyon yo.
- Pou edikasyon timoun yo ap resevwa nan lekòl yo pa depaman ak sa y ap resevwa nan fanmi yo.

- Dwe gen yon jistis san patipri, ki baze sou respè dwa ak diyite moun nan tout nivo nan sosyete a.
- Pou fanmi ak lekòl repanse mòd edikasyon y ap transmèt bay timoun yo ak jenès peyi a. Pou legliz envesti pi plis nan fòmasyon yon pastoral fanmi ki dyanm.
- Pou genyen sanksyon pou otorite ak moun k ap vyole dwa moun, ki pa respekte lalwa.
- Pou genyen plis fòmasyon pou aktè dirèk nan aparèy jistis la, pou yo rive trete tout moun menm jan san patipri nan konstwi yon sosyete ki chita sou respè lalwa, dwa ak diyite moun.
- Peyi nou an se yon peyi ki vyèj, se chak grenn sitwayen ki pou pran konsyans:
 - Pa p kab gen lapè san jistis, tankou pa p gen jistis san reparasyon. Sa dwe kòmanse depi nan fanmi, pase nan legliz rive nan leta.
 - Pa p kab gen lapè si chak grenn moun pa rive pran konsyans paske chanjman an dwe kòmanse lakay li, etan chak moun ap fè jefò pou chanje mantalite l.
 - Pa p kapab gen lapè si chak sitwayen ayisyen pa rekonsilye ak tèt li, ak pwochen l (frè ak sè l), ak peyi l, ak anviwònman l, ak Bondye nan mache ansanm ak lòt yo nan chemen renmen, tolerans, padon tèt ansanm pou pwogrè bèl peyi nou an Ayiti.

Jilap Pòdepè

Mesaj komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Pòdpè nan okazyon 9^e asanble jeneral li, sòti 25 pou rive 28 out 2005 nan lokal kay Mè Lasajès yo nan Lavo. Tèm mesaj lan : « An n mete tèt nou ansanm pou n bati yon Ayiti kote dwa ak devwa tout moun respekte ».

Nan diferan pawas dyosèz la anpil krim kontinye ap fèt, kriminèl yo ap sikile san kòd lajistis pa nan kou yo. Anpil valè moral ap disparèt tèt yo nan sosyete a. Gouvènman tranzisyon an pa rive fè anyen pou satisfè revandikasyon mas pèp la.

Kondisyon pou moun viv byen ap disparèt chak jou, lavichè ap monte tèt nèg (...). Kesyon tè a ki se pi gwo kado Bondye ban nou pou n viv byen rete yon veritab malè pandye pou pèp la. Anpil masak fèt anndan depatman an pou kesyon tè a. Lajistis pa janm fè limyé sou kèk dosye tankou: Jan Rabèl, Vilaj Dedèn nan Pòdpè.

Kesyon edikasyon an pa klè jodi a anpil lekòl ap pouse kon djondjon. Chak ane yo kontinye monte tèt nèg.

Peyi a ap viv yon gwo moman se pwosesis elektoral la, depi mwa avril gen biwo enskripsyon ki tabli kèk kote, depi nan moman sa a dwa elektè yo kòmanse pase anba pye. Nan seksyon kominal preske pa gen Bl. Anpil moun pase jou ak nwit pou retire kat

yo. Klima sa a gentan montre kijan jou vòt la ap ye. Sa montre klèman mas pèp la deja sou kote.

Men sa Jilap mande :

- 1- Otorite Leta yo dwe pran dispozisyon pou konbat ensekirite a pou evite plis dèy nan popilasyon an. [Sitou yo dwe dezame tout gwoup gang nan kèk zòn].
 - 2- Yo dwe ogmante kantite biwo enskripsyon nan seksyon kominal yo pou pèmèt plis moun patisipe nan chwa nouvo otorite yo.
 - 3- Yo dwe pran dispozisyon pou mete polis ak jij kote komisarya ak tribinal yo ap fonksyone.
 - 4- Otorite Legliz dwe antre pi fon nan pastoral dwa moun nan, pou moun gen konsiderasyon pase tout lòt bagay.
- Pou fini, komisyon Jilap Pòdepè pataje santiman solidarite ak tout moun ki viktim nan zak vyolasyon dwa moun.

Jilap Fòlibète

Mesaj 7yèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Fòlibète, ki te fèt Jakzil, sòti 31 oktòb pou rive 3 novanm 2005. Tèm mesaj lan se : «Nan rekonsilyasyon ak respè youn pou lòt, n ap rive garanti dwa tout moun ».

Jilap Fòlibète ap mande pou :

- Otorite Leta yo pran responsablite yo nan depatman an pou nou pa di nan tout peyi a.
- Lapolis montre vrè sans deviz li ki se pwoteje ak sèvi tout sitwayen.
- Tribinal yo bay jistis kòm sa dwa.
- Responsab TPTC nan Nòdès la fè yon kout je sou eta kritik wout yo.
- Responsab Sante Piblik nan depatman an amelyore kondisyon sante a.
- Responsab edikasyon yo rive tabli diferans ant edikasyon ak enstriksyon.
- Ministè agrikilti a ankadre peyizasyon yo ak ankouraje pwodiksyon nasyonal la.
- KEP la kenbe pwomès li ak popilasyon an nan òganize bon jan eleksyon, lib, onèt e demokratik nan peyi a.

Jilap Okap

Mesaj Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Achidyosèz Okap, ki te fèt Domus Mariae, sòti 31 oktòb pou rive 2 novanm 2005. Tèm mesaj lan se : «Nan chalè eleksyon sa a, an n fè jefò pou Jistis ak Lapè pa pase anba pye.»

Jounen jodi a, Ayiti ap viv yon moman ki enpòtan anpil men tou ki delika anpil, se zafè eleksyon an. Nou di li enpòtan anpil paske peyi a ap fonksyone sou baz demokratik, sa

vle di se tout afè nòmal pou l gen eleksyon ki fèt chak fwa sa nesesè, se sa yo rele altènans politik, kote pèp la chwazi yon ekip moun pou dirije zafè Leta a.

Li enpòtan anpil tou paske chak fwa gen eleksyon se tout lavi peyi a ki boulvèse, pèp la kapab pèdi bon sans li tèlman gen kandida k ap fè laviwònn dede an fas li lajounen tankou lannwit, pandan y ap ranpli bouch yo ak tout kalite pwomès. Yon sitiyasyon ki toujou mete divizyon nan mitan tout fanmiy, zanmi ak alye politik.

Se rezon sa yo ak anpil lòt ki fè nan okazyon asanble jeneral Okap ane sa a. Jilap deklare : fòk pèp Ayisyen tankou tout lòt dwe viv nan lajistis ak nan lapè, fòk genyen yon ekip dirijan ki pou òganize jesyon nasyon an, fòk demokrasi a mande transparans onètete ak patisipasyon, peyi a bezwen 3 pouvwa otonòm e endepandan pou sosyete a kapab ekilibre, fòk nou travay pou n vin gen yon nasyon, paske eleksyon se yon pòt ki louvri pou fè dwa moun respekte, majorite pèp la, espwa l se sou bilten vòt la.

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Okap nan okazyon Jounen nasyonal la ki te fèt 12 mas 2006. Tèm lan se « *Swiv Jezi kòm sitwayen kretyen nan peyi d Ayiti* ».

Sitwayen ayisyen ki renmen, ki kontinye renmen!
Sitwayen ayisyen ki pa janm renmen, k ap rekòmanse renmen!
Sitwayen ayisyen ki poko renmen, ki kòmanse renmen!

Jilap Okay

Emisyon radyo 8 mas 2006 la, nan okazyon jounen fanm nan tout peyi a.

Emisyon an bay ki kote dat 8 mas la, ki se jounen fanm soti ? Li bay istwa lit pou dwa fanm nan peyi d Ayiti. Answit li te fè yon bon rale sou vyolans k ap fèt sou fanm. *Pi devan nan Bilten an, n ap jwenn tout tèks emisyon an sou fòm yon atik ki rele : Fòk vyolans sou fanm kaba.*

Fòmasyon

Pwojè nan Sen Maten ak Site Solèy

La Commission de l'Archidiocèse de Port-au-Prince s'est engagée dans deux partenariats dans l'objectif de former des animateurs pour la construction de la paix. Cette contribution informe sur ces projets à Cité Soleil et dans le quartier de St. Martin. Dans le cadre de cette collaboration, deux membres de Justice et Paix ont entrepris un voyage en Irlande pour visiter un effort de construction de paix à Belfast.

Pwojè Bati Lapè ak dwa moun nan Site Solèy ak Sen Maten

Depi plizyè mwa, Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè kolabore ak kèk lòt òganizasyon nan de (2) pwojè sou Bati Lapè nan de (2) zòn diferan: zòn Site Solèy ak Sen Maten nan Pòtoprens. Toude pwojè sa yo vle kreye yon klima lapè nan kominote sa yo. Kolaborasyon Jistis ak Lapè nan pwojè sa yo chita sou baz fòmasyon ak akonpayman pou reyalize menm fòmasyon yo nan katye Site Solèy oswa nan ti blòk kominote Sen Maten yo.

Konsa, y ap bay moun nan kominote yo fòmasyon epi y ap mete anplas yon minimòm estrikti pou ede moun ki nan konfli rive nan yon teren antant san vyolans pa me. Nan Site Solèy nou vle fòme 30 fòmateur ki se moun Site Solèy, ki yo menm pral touche plizyè santèn moun nan divès zòn yo. Nan Sen Maten nou vle fòme yon ekip 30 fòmateur ki yo menm ap reskonsab pou fòme epi akonpaye 350 lòt moun nan 10 ti blòk nan kominote Sen Maten. Fòmateur Komisyon Jistis ak Lapè yo ap kolabore nan bay moun nan kominote sa yo fòmasyon pou yo vini fòmateur. Men, akote fòmasyon ki nan pwojè sa yo, anpil moun ap benefisye divès aktivite sou plan ekonomik ak sosyal.

Nan Sen Maten, akote fòmasyon sou Bati Lapè, Jistis ak Lapè ap fòme moun tou nan kesyon dwa moun. Yo vle mete sou pye yon estrikti pou obsève vyolasyon dwa moun ak vyolans k ap fèt nan zòn nan. Divès aktivite sa yo ap fèt annakò ak Komisyon Jistis ak Lapè nan Achidyosèz Pòtoprens.

Jocelyne Colas

Bati Lapè nan peyi Ilann

Nan kòmansman mwa fevriye 2006 la, Jocelyne Colas ak Djimpps Gilles, de (2) manm Komisyon Jistis ak Lapè te vizite kèk inisyativ lapè nan peyi Ilann. Yo te fè sa ansanm nan yon delegasyon ki te fòm ak Concern Ayiti epi Kolektif pou Devlopman Sen Maten (KDSM) sou envitasyon Sant Rekonsilyasyon Glencree ki espesyalize nan ede rezoud konfli nan peyi Ilann. Gwo objektif ki te dèyè vizit sa a se konstwi yon lespri ekip pou travay ansanm nan kad pwojè « Lit Kont vyolans ak majinalizasyon nan Sen Maten ». Sen Maten se yon zòn nan kapital Pòtoprens lan ki te konnen anpil vyolans nan dènye ane sa yo.

Ilann se yon peyi ki konnen konfli sou divès fòm : politik, sosyal, kiltirèl. Li viv okipasyon peyi Gran Bretay pandan plizyè lane ak lagè pou vin granmoun tèt li. Yon pati nan peyi sa a (Ilann di Nò) toujou nan men Gran Bretay. Pou tabli lapè nan peyi sa a, divès moun ap pran divès inisyativ nan enterè pi plis moun posib sitou sa yo ki viktim konfli yo. Pifò nan inisyativ lapè delegasyon Ayisyèn nan te vizite yo gen awè ak kreye kondisyon materyèl anfavè aktè ki nan konfli yo, pou ede yo rezoud kèk pwoblèm sosyal ak ekonomik. Nan sans sa a, yo pa toujou touche nannan pwoblèm nan. Paegzanp : Te konn gen batay ant katolik ak pwotestan, epi pwoblèm sosyal ak politik yo te pran yon koulè relijyon. Pou bati lapè, y ap chache reyalize aktivite ekonomik ak sosyal kote moun toude relijyon yo ap rankontre. Men, chak legliz toujou genyen yon predikasyon youn kont lòt ; yo pa reflechi sou tolerans you relijyon dwe gen pou lòt relijyon. Kidonk moun yo angaje nan konstwi lapè ak yon apwòch ekonomik ak sosyal sèlman.

Sa ki te enteresan pou nou nan Jistis ak Lapè, se lè nou te wè prèske tout koze yo t ap fè ak nou gen rapò ak kontni liv *Bati Lapè, Rezoud konfli san gwo ponyèt* la, Komisyon an ap sèvi pou pwòp fòmasyon pa nou. Apwòch la bay yon demach klè sou fason pou etidye chak tèm. Alòske nan apwòch Glencree a, yo wè tèm yo yon fason jeneral ki mande jefò pou plase l nan yon kontèks ki byen klè. Men nou te wè tou jan yo pran tan pou analize yon konfli jis yo jwenn tout eleman solisyon ki posib.

Tout manm delegasyon Ayisyèn nan te retounen an n Ayiti avèk anpil lide nèf nan tèt yo. Vwayaj la pèmèt nou wè gen anpil travay ki pou fèt toujou. Chanje kondisyon lavi moun se yon bagay ki posib. Chak òganizasyon ki te nan vwayaj la gen travay pou y al fè bò kote pa yo pou pèmèt pwojè « Lit kont vyolans ak

majinalizasyon nan Sen Maten an » kab reyalize. Se vre, nou pa kab fè mirak, men nou pral kolabore pou chanje kondisyon lavi moun nan Sen Maten.

Jocelyne Colas
Sekretè Egzekitif Jilap Nasyonal

Anpil fwa nou tande pale sou kowipsyon. Men ki sa kowipsyon vle di ?

Kowipsyon, se abi moun fè ak pouvwa yo resevwa an delegasyon pou yo ka regle zafè prive.

Definisyon sila a pèmèt nou dekonpoze diferan eleman ki genyen nan kowipsyon an :

- Abi pouvwa ;
- Yon pouvwa zòt ba ou an delegasyon. Kidonk, se yon pouvwa oswa yon manda ou ka resevwa nan men sektè prive a tankou nan men sektè piblik la ;
- Pou regle zafè prive. Kidonk, sa kapab pa fòseman pwòp zafè prive pa moun k ap fè abi pouvwa a, sa kapab tou zafè prive fanmi li oswa zanmi li.

(Sous : *Koripsyon, lanvè kon landwat*, 2005. Fondation Héritage pour Haiti)

Fòk vyolans sou fanm kaba

Texte d'une émission de radio de la Commission Justice et Paix des Cayes à l'occasion du 8 mars 2006, Journée internationale de la lutte contre la violence faite aux femmes.

Ki kote fèt fanm 8 mas la sòti ?

8 mas se fèt fanm yo, se dat ki dedye pou fanm toupatou, nan tout peyi. Ki kote dat sa a soti ? Nan ki kontèks yo te pran dat sa a pou fete medam yo? Nou pa ka pale sou 8 mas san nou pa fè sonje Zetkin Klara, yon fanm dyanm ki te jwe yon wòl enpòtan nan adopsyon dat sa. Zethin Klara se te yon Alman, politisyen, revolisyonè, feminis ki te patisipe nan toulede konferans entènasyonal sou fanm nan Nasyonzini. Premye a te fèt nan lane 1907, epi dezyèm nan nan lane 1910. Se la tou Zetkin Klara te pwopoze dat 8 mas la kòm jounen fanm yo. Nan lane 1975, Nasyonzini te adopte dat sa a yon fason definitiv. Se te yon viktwa pou mouvman fanm yo. Se konsa jodi a, fanm yo kontinye mennen konba kont tout fòm diskriminasyon ki anpeche yo viv byen ak tout diyite yo. Se yon kòz nòb ak jis fanm yo ap defann paske yo gen plas yo nan sosyete a.

Lit fanm an Ayiti

Nan peyi d Ayiti, akote dat 8 mas la, gen anpil lòt evènman ak lòt dat ki make lit dwa fanm yo, tankou okipasyon ameriken ki te fasilite emansipasyon fanm ayisyen. Se nan lane 1934 yo te kreye yon asosyasyon yo te rele “Lig feminen aksyon sosyal”. Dizan (10) apre, nan lane 1944, medam yo benefisye yon nouvo lwa sou estati fanm marye kote fanm ak gason gen menm dwa. Apre 1986, kondisyon lavi fanm yo kòmanse amelyore. Se konsa nou wè òganizasyon fanm yo vin blayi kò yo nan tout peyi a. Yo vle angaje yo yon fason reskonsab nan devlopman peyi a. Gras ak travay fanm yo, youn nan yo te rive prezidan pwovizwa nan istwa peyi a epi te vin gen plis fanm minis. Nan 46yèm lejislati a, twa (3) fanm te depite, nan 47tyèm nan, te gen senk (5) fanm ki palmantè. Malgre jefò fanm yo ap fè nan sosyete a, nou wè yo gen yon feblès toujou sou plan politik. Ki sa ki alabaz sa?

Fanm nan politik

Pandan lontan, yo te mete fanm yo sou kote nan zafè politik. Yo te fè yo kwè kesyon serye konsa pa t konsène yo. Nan fason pati politik òganize yo an jeneral, yo pa ankouraje fanm yo patisipe nan politik. Yon lòt gwo rezon ki esplike absans medam yo nan politik la, se reskonsablite yo ba yo nan kay ak timoun. Mantalite sa yo fè li difisil jous kounye a pou sosyete a aksepte fanm yo kòm sitwayèn tout bon. Daprè mantalite sa a, moun ki gen dwa patisipe nan politik se gason. Lè nou gade, se tout sosyete a ki pote kole pou dekouraje fanm yo patisipe nan politik. Espesyalman edikasyon fanm yo resevwa pa aprann yo gen konfyans nan tèt yo. Sa fè medam yo kwè yo pa ka jwe yon wòl enpòtan nan sosyete a.

Mete sou sa, Leta pa pran bon jan dispozisyon pou elimine tout vye diskriminasyon ki ka frape fanm. Tout vye prejije sou fanm yo bare wout pou sila yo ki gen lide patisipe nan batay politik, anpeche yo okipe pòs nan pouvwa politik la. Gras ak batay feminis yo mennen sou tout fas tè a, fanm yo rive rache dwa politik yo. An n Ayiti, se nan lane 1950, fanm yo te rive fè rekonèt yo gen dwa politik. Men jouk jounen jodi a, politik la rete yon domèn kote se gason ki pote lamayòl. Epoutan, se fanm yo ki reprezante pi gwo fòs ekonomik epi se yo menm ki pi fò moun nan peyi a. Kesyon patisipasyon fanm yo nan politik, se yon kesyon enpòtan ki merite poze ak serye.

Poukisa fanm yo ta dwe patisipe nan politik menm ? Kouman fanm ta dwe patisipe ? Eske li sifi pou mete fanm nan pòs politik sèlman pou montre gen fanm ki la tou, san yo pa ta gen pouvwa ni mwayen pou yo regle anyen, oswa san fanm ki konsène a pa ta pote anyen nan djakout li ? Nou genyen kèk egzanp byen klè nan eleksyon ki sòt pase a kote gen plizyè fanm ki te kandida men yo pa t fè pwa nan balans la. Se te aktivite fè wè. Patisipasyon medam yo nan politik pa fouti yon parad, non plis li pa dwe yon mannigèt pou pase fanm nan rizib. Lè ou kandida, epi ou pase san yo pa remake ou, ou vin kandida pou kandida. Lè ou pa fè anyen pou yo konnen ou ni pou ou genyen konfyans pèp la, lè sa, ou bay enpresyon ou pa kwè nan tèt ou. Si w pa kwè nan tèt ou, kouman moun pral fè kwè nan ou ?

Kidonk, gen anpil travay ki dwe fèt nan sosyete a pou pèmèt fanm yo patisipe kòm sa dwa. Pa bliye, se pa chase nou dwe chase gason, se pa wete kò ou ban m mete pa m, se pa ban m fè yon kou tou, men, se pito bay tout moun, kit fi kit

gason, chans yo pou patisipe nan lavi politik, nan respè youn pou lòt paske fòs yon sosyete chita sou amoni ki chita nan mitan manm li yo.

Aspè vyolans lan

Kounye a, nou pral pale sou aspè vyolans k ap fèt sou fanm. Vyolans se yon pwoblèm ki frape tout moun nan sosyete a, menm timoun pa epaye. Men, vyolans sou fanm se youn nan vyolans ki pi grav an Ayiti. Tout fanm, kèlkeswa klas sosyal yo, fòmasyon yo, relijyon yo, longè lajan yo kapab viktim. Se yon pwoblèm nasyonal. Selon atik 254 nan Kòd Penal la: « Vyolans sou fanm se tout zak ki fèt sou fanm kont volonte yo, nan fòse yo, nan fè yo pè, se tout zak ki frape kò fanm yo epi ki fè yo mal nan kò yo oswa nan nanm yo ». Nou ka pran kòm egzanp kadejak k ap ogmante nan sosyete a chak jou pi plis. Sosyete a pa pran ka sa yo ak enpòtans. Yo plis pase l nan rizib, yo fè viktim nan vin wont, vin pè yon seri entèpretasyon sosyete a bay zak la. Yo fè kanaval sou sa. Se sa k fè medam yo pa denonse enjistis y ap sibi anndan lakay yo tankou nan travay yo.

Nan sans sa a, alokasyon fèt fanm yo, nou mande popilasyon an pou yo gen yon lòt konpòtman vizavi viktim zak malonèt sa yo, paske lè medam yo viktim, yo kapab gen pwoblèm pou tout rès vi yo. Kadejak se yon zak medam yo pa dwe aksepte san yo pa chèche jistis.

Fanm ak responsablite nan fanmi

Mezanmi, gen anpil bagay pou nou ta kab di toujou sou plas medam yo nan sosyete a. Tan an pa pèmèt nou, men nou ka atire atansyon mesye yo sou konpòtman yo genyen nan zafè responsablite fanmi an. Yo konn panse lè yo prive medanm yo yon seri dwa, se nan lespri pou pwoteje swa paske yo renmen yo, oswa paske yo konsidere lòt la fèb. Yo kab konprann tou se nan enterè fwaye a yo fè li, epoutan se nan malè fwaye a. An nou pran yon egzanp: yon mari ki pa abitye kite madanm li patisipe nan desizyon pou fwaye a, epi mari a ta rive mouri, sètaldò madanm nan vin oblije jere fanmi an. Lè sa a, madanm sa a gen anpil chans fè gagòt. Se timoun yo k ap peye konsekans lan.

Yon dezyèm ka: si mesye a ta rive paralize epi se lòt moun k ap blije fè tout bagay pou li. Lè sa a, l ap obsève move jesyon madanm nan, l ap gen anpil pwoblèm. Enben, se menm jan pou fanm yo tou, depi yo pa patisipe nan

desizyon yo : yo pa p janm santi yo byen ni alèz, menm si yo jwenn tout sa yo bezwen. Yon moun santi li moun, se lè yo ba li chans devlope tout kapasite li epi egzèsè tout sans kreyativite li genyen lakay li.

Sou sa nou vle mete aksan jodi a, se pa yon kesyon fanm pi enpòtan, ni gason pi enpòtan, oubyen gason mete kò w sou kote bay fanm yo plas, men se bay chak moun plas li nan sosyete a selon sa moun nan kapab fè. Nou dwe favorize patisipasyon tout moun, san pèsòn pa santi li sou kote. Se bay chak moun bon trètman, epi pèmèt tout moun santi yo byen nan po yo.

Ekip radyo dyosèz Okay

Etid sou Ranmase Ansèyman Sosyal Legliz la
Meksik, 21 ak 22 novanm 2005

Me Boniface Décoste, membre de Justice et Paix aux Cayes a participé au nom de la Commission nationale au séminaire de présentation du Compendium de la Doctrine sociale de l'Eglise. Cette présentation a eu lieu au Mexique le 21 et 22 novembre 2005.

21 ak 22 novanm 2005, nan vil Meksik, kapital peyi Meksik, te genyen yon gwo konferans entènasyonal sou “Ranmase Ansèyman Sosyal Legliz Katolik” (*Compendium de la Doctrine Sociale de l'Eglise*).

Patisipan nan aktivite sa a se te kadinal, achevèk, evèk, kèk pè ak layik angaje ki soti nan divès peyi nan Kontinan Amerik la tankou Kanada, Etazini, Ondiras, Kostarika, Panama, Chili, Brezil, Ajantin, Ayiti, Dominikani, Kiba, elatriye. Inisyativ konferans lan soti bò kote **Komisyon Pontifikal Jistis ak Lapè** ansanm ak yon enstitisyon Meksiken ki rele: **Enstiti Meksiken Doktrin Sosyal Kretyen (IMDOSOC)**.

Moun ki te reprezante peyi d Ayiti se: Monseyè Serge Miot, Prezidan Komisyon Episkopal Jistis ak Lapè Ayiti; Pè Jean Claude Lespinasse, yon pwofesè nan Gran Seminè Pòtoprens ak Mèt Boniface Décoste ki se manm Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Okay.

Konferans lan te fèt nan objektif pou fè patisipan yo fè plis konesans avèk dokiman sa a ki rele « **Ranmase Ansèyman Sosyal Legliz Katolik** » (*Compendium de la Doctrine sociale de l'Eglise*), epi gade kijan yo ka rive fè konnen ansèyman sa a anndan Legliz la ak anndan sosyete a. Konsa gen yon seri entèvenan ki te pran lapawòl pou prezante dokiman sila a, enpòtans li, kontni l, enplikasyon li genyen ak pespektiv pastoral li ofri pou Legliz an Amerik la.

Entèvansyon ki te fèt sou Ranmase a te fè sòti fondman angajman sosyal Legliz Katolik ak dimansyon sosyal lafwa kretyen yo. Legliz devlope yon ansèyman

sosyal paske li vle ede fidèl yo viv lafwa yo pi byen anndan yon sosyete kote yo dwe òganize yo pou yo ka viv ak tout diyite yo. Legliz la dwe sèvi limyè k ap klere kretyen yo nan tout demach y ap fè pou òganize lavi yo ak sosyete a sou baz lafwa yo genyen. Konsa, 4 gran prensip ki alabaz Ranmase a se:

- **Diyite moun nan** ki fè li sanble ak Bondye; men tou ki fè li gen dwa epi li merite respè.
- Fonksyon otorite politik yo se travay pou reyalize « **sa ki nan enterè tout moun nan sosyete a** ».
- Sitwayen yo dwe kapab patisipe epi pran **desizyon alabaz** sou fason pou yo òganize kominote yo. Sa yo rele prensip « sibsidiyarite ».
- **Solidarite a** se yon kalite ki pwòp a lavi nan sosyete a menm. Kidonk, rapò sosyal yo dwe pote mak fabrik li.

Entèkansyon ki te fèt sou reyalite relijyez, sosyal, ekonomik ak politik rejyon an montre divès bagay tankou :

- Legliz la rich ak fidèl. Amerik Latin se kontinan an ki genyen plis fidèl kretyen.
- Genyen yon sitiyasyon mizè ki grav anpil, ki touche majorite peyi nan zòn nan, menm peyi ki pi rich yo tankou Etazini.
- Se rejyon sou planèt la kote inegalite yo pi frape je tout moun, kote l pi tèrib.
- Popilasyon yo grandi vit. Gen anpil presyon demografik.
- Gen anpil migrasyon anndan peyi yo epi ale nan lòt peyi. Anpil moun vin gonfle kò yo nan vil yo; y ap viv nan kondisyon ki pa bon ditou san okenn sèvis de baz.
- Demokrasi enstale epi ranplase diktati nan anpil peyi kontinan an. Epoutan, sa pa rive rezoud kesyon gwo distans ant rich ak pòv, okontrè inegalite yo ap ogmante. Demokrasi a gen anpil defi devan l epi li toujou rete frajil.
- Globalizasyon mache a rann ekonomi ti peyi yo vin degrade epi pi depandan.
- Inisyativ enstitisyon finansye entènasyonal yo, lè yo reyisi, pèmèt gen kwasans ekonomik, men yo pa pèmèt kondisyon lavi moun pòv yo amelyore.

Fas ak reyalite sa a, mesye Iglesias, yon konferansye, te montre nesosite pou genyen yon mache ki pi byen òganize. Sitou leta yo dwe jwe wòl yo nan peyi sa yo, paske mache lib la ka yon avantaj sèlman lè genyen yon leta ki prezan e ki pwoteje enterè ekonomik nasyonal yo. Li te fè wè tou nesosite pou genyen yon « Pak Sosyal » pou rive konsilye enterè ekonomik yo avèk prensip demokrasi a ki dwe defann egalite nan mitan sitwayen yo.

Konsekans reyalite sa a genyen pou Legliz nan rejyon an :

- Legliz la dwe toujou renouvle **opsyon preferansyèl li te fè pou pòv yo**. Konsa li dwe solidè avèk moun ki pòv yo, gwoup ki pi frajil ak defavorize yo.
- Legliz la dwe ranfòse **travay pastoral l ap fè ak fanmi yo** ki se selil de baz sosyete a ; premye enstitisyon ki kapab fè moun nan tounen moun toutbon.
- Li dwe ranfòse **travay pastoral ak jèn yo** ki se yon richès pou Legliz la menm jan ak pòv yo. Legliz la dwe ankadre yo, fòme yo, ede yo pou yo pa tonbe nan pyèj sosyete konsomasyon an.

Pou fini, men kèk estrateji patisipan yo te defini pou ansèyman sosyal la ka tounen « Ansèyman tout Legliz la » :

- Anseye li nan inivèsite, sitou nan inivèsite katolik yo ;
- Anseye li nan Gran Seminè kote yo fòme jèn gason k ap vin pè ;
- Fè li pase nan fòmasyon pou gwoup ki anndan Legliz la ak lòt gwoup de baz paske premye travay ki pou fèt avèk dokiman Ranmase a, se fòmasyon.

Pou fini, konferans lan se te yon bèl moman aprantisaj, refleksyon ak pataj anba pwoteksyon Nòtredam Gwadaloupe, Manman Kontinan Lamerik la. Evènman sa a te pèmèt Legliz Katolik nan rejyon an renouvle angajman l pou ede pèp Bondye a jwenn diyite l pandan l ap ede l konprann epi leve gwo defi tan yo pote.

Mèt Boniface Décoste

Pou sitwayen ak sitwayèn ayisyen ak dominiken kab jwenn jistis nan fwontyè a

*Le 25 mai 2006, le GARR (Groupe d'Appui aux Rapatriés et Réfugiés) dont la Commission est un membre, a organisé, de concert avec CEDAIL de Santo Domingo et le Réseau binational Jeannot Succès, un Colloque sur le système judiciaire en Haïti et la République Dominicaine. Le Colloque a eu lieu à Belladères dans le département du Centre. Le thème du colloque: « **Pour que les citoyens haïtiens et dominicains puissent jouir de Justice sur la frontière** ». Me Chérubin Tragélus, membre de Justice et Paix et Président du GARR, a fait l'intervention sur le système judiciaire haïtien.*

25 me 2006 la, GARR (Gwoup k ap Apiye Rapatriye ak Refigye yo) te òganize yon kolòk ansanm ak CEDAIL ak konkou Rezo Binasyonan Jano Siksè nan zòn Fwontyè a. Tèm kolòk sila a se te: ***Pou Sitwayen ak Sitwayèn Ayisyen ak Dominiken kab jwenn Jistis nan Fwontyè a.***

Yon manyè pou n te kapab pi byen reflechi sou tèm sila a, te gen refleksyon ki te fèt sou de [2] sistèm jistis yo, sou fason yo fonksyone ki pa pèmèt jistisyab yo gen aksè nan lajistis.

Bò kote Dominiken, se mèt Noemie ki sòti nan CEDAIL ki te fè yon kritik sou fonksyonman ak feblès nan sistèm lajistis dominiken an. Analiz li te fè yo montre aklè, sistèm nan gen kòripsyon ak anpil lòt feblès ladan l malgre refòm ki te kòmanse fèt nan lane 1994 la te rive ak yon Kòd Penal tounèf ki se fwi travay plizyè òganizasyon nan sosyete sivil la.

Bò kote Ayiti, se mèt Chérubin Tragélus ki sòti nan JILAP ak GARR ki te fè yon refleksyon sou fason sistèm jistis la fonksyone. Mèt Chérubin te montre depi 1986, refòm lajistis nan peyi d Ayiti ak patisipasyon popilasyon an, se youn nan prensipal revandikasyon pèp ayisyen an. Malerezman, anpil milyon dola vèt depanse, sa pa pote fwi poutèt sitwayen yo pa janm enplike nan refòm nan. Jouk nan lane 2006 la, gouvènman enterimè Bonifas / Latortue a panse se ak dekrè yo

kapab rive refòm lajistis, lè yo mete pwopozisyon Fowòm Sitwayen yo ak lòt sitwayen sou kote.

Sa ki pi enpòtan nan analiz yo, tou de [2] refòm yo kòmanse nan lane 1994. Bò kote Ayiti pa gen okenn volonte politik ki montre yon vrè refòm kab fèt. Se enpinite ki sèl kòk chante. Otorite yo toujou panse yo kab fè refòm lajistis san popilasyon an pa enplike ladan l.

Mèt Chérubin te montre yon nouvèl estrateji pou mennen yon refòm tout bon vre nan sistèm jistis ayisyen an, ki se lide Fowòm Sitwayen pou Refòm Jistis Penal la. « **Nou dwe pouse Leta fè yon veritab refòm nan sistèm lajistis la ak patisipasyon sitwayen yo, yon manyè pou sitwayen ak sitwayèn yo kapab jwenn lajistis** ».

Plizyè lide te sòti nan kòlòk la sou pi bon manyè de [2] pèp yo ta kapab jwenn yon antant pou trete ka yo nan zòn bò fwontyè a, tankou akò ant de [2] gouvènman yo sou fason pou respekte diyite moun, respè pou dwa moun, elatriye. Paske 2 pèp yo ki viv sou menm zile a kondane pou yo viv ansanm, dwe genyen pi bon amoni ant yo.

Chérubin Tragélus

**Yon ti koze sou Fowòm Sosyal Mondyal Migrasyon
ki te òganize an Espay nan zòn Riva Vasya Madrid
soti 22 rive 24 jen 2006**

Me Cherubin Tragélus, Président du GARR et membre de Justice et Paix, a participé au Forum social mondial sur la Migration, qui s'est tenu à Madrid du 22 au 24 juin 2006.

Sa fè dezyèm fwa Fowòm Sosyal Mondyal Migrasyon an òganize nan peyi Espay. Plis pase 2500 delege te soti nan divès òganizasyon ki sansib ak kesyon migrasyon nan lemond antye te reponn prezan nan gwo evenman sila a. Gwoup

k ap apiye Rapatriye ak Refijye yo (GARR) te reponn prezan limenm tou ak Prezidan Konsèy Administrasyon an, Mesye Chérubin Tragélus.

Pou louvri koze a, divès pèsonalite entènasyonal tankou Monseyè Demetrio Valentini ki sòti nan Konferans Nasyonal Evèk yo nan peyi Brezil, Somaly Mam, ki te resevwa pri Prens Astiri, Saskia Sassen, yon espesyalis nan estrateji ibèn ak profesè sosyoloji nan inivèsite Chikago, elatriye, te bay lide yo sou òganizasyon Fowòm nan.

Monseyè Demetrio Valentini te deklare : « Vasya Madrid vin tounen nan moman sa a, kapital entegrasyon Mondyal kote nou vin diskite yon zafè ki konsènen tout moun : Migrasyon. Li ajoute, Fowòm nan gen yon defi pou l leve : Egzamine ki sa yon mond pou tout limanite vle di. Nan yon ti bout tan, kantite moun ki migran yo vin pase 90 a 175 milyon moun e tout moun sila yo pokò janm entegre nan zòn kote y ap viv la. Fenomèn migrasyon an ban n defi pou n panse lemond tankou yon gran patri ki la pou tout moun. Fowòm sila a dwe louvri chimen ak lòt fason pou mete sou pye yon globalizasyon ki fèt nan solidarite. Migran yo se moun ki merite plis apwi moral pou n rive nan yon mond kote k gen plis solidarite ».

Bò kote pa li, Somaly Mam deklare: « *Fanm se premye viktim sistèm migrasyon an. Si nou pale migrasyon, nou pale tou de pwostitisyon, paske gen sa k mare migrasyon ak pwostitisyon ansanm. Li te eksplike pou l di: 90% tout fanm migran yo viktim trafik seksyèl. Yo blije viv nan kondisyon trè difisil. Anpil nan yo tromatize ».*

Anpil lòt moun ki te pran lapawòl deklare : migran yo jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi peyi akèy yo. Se sa ki fè li enpòtan pou n repanse kesyon migrasyon an pandan n ap idantifye vre aktè yo tankou: komèsan yo, gouvènman yo, etidyan yo, miltinasyonal yo, elatriye.

Divès patisipan te manifeste volonte pou tabli yon vizyon ki koupe fache ak enjistis globalizasyon neyoliberal la k ap pran jarèt epi k ap vale teren pi plis chak jou. Se sa ki fè, Fowòm nan te dwe jwenn yon lòt modèl pou pèp yo ak peyi yo tabli relasyon antre yo, paske **veritab kòz migrasyon an se lamizè.**

Jossé Masse, ki se majistra Rivas, te deklare: « Pèsonn pa kab fèmen je l devan nesesite ak dwa anpil milyon migran genyen lè yo deside pou y al chache yon lavi miyò kote yo kab jwenn li. Fowòm nan se yon okazyon pou n fè solidarite, pou pataje richès nou ak lòt moun ki nan nesesite, tankou migran yo ».

Fowòm Sosyal Mondyal la deklare: « Nou tout ansanm, gason tankou fanm migran, ak tout lòt fanm ak gason nan lemond antye, nou kapab kouri dèyè enjistis epi tabli lapè sou tè a nan sa ki gen awè ak diyite ak dwa moun ».

GARR nan tèt ansanm ak 4 òganizasyon migran ki te soti nan Amerik Latin nan, te gen yon menm tèm pou devlope: **Migrasyon nan Amerik Latin ak Karayib. Sityasyon politik ak pwopozisyon.** Nan yon seminè ki te fèt nan kolòk la, chak òganizasyon te prezante sijè a selon pwòp reyalyte pa li. GARR te prezante: « Sityasyon moun ki trafike yo ak migran k ap viv an Repiblik Dominikèn ».

Cherubin Tragélus, Prezidan Konsèy Administrasyon GARR

Bondye se renmen

Nan dat 25 desanm 2005, Pap Benwa 16 te pibliye premye ansiklik li, ki genyen kòm tèm : Bondye se renmen. Se yon gwo tèm, jan li fè n sonje nan kòmansman lèt la. « Nou te mete lafwa nou nan renmen Bondye a : se konsa yon kretyen kapab esprime gwo chwa li te fè nan lavi li. Sa k nan kòmansman lavi yon kretyen se rankont la ak yon Moun ki bay lavi a yon direksyon tout bon » (#1). Premye pati lèt la detaye ki sa renmen an nan sans kretyen an vle di, paske pawòl renmen ap sèvi anpil kote. Yo tout genyen sans yo, men fòk nou konprann tou ki sa nou rele renmen nan sans kretyen an. Gen kesyon ki enpòtan ki poze, tankou :

- Ki jan renmen Bondye ak renmen pou pwochen yo mache ansanm ?
- Eske yon moun kapab renmen tout lòt moun ?

N ap gade kèk pawòl ki di nan dezyèm pati lèt ansiklik la, epi ki konsènen nou menm kòm manm k ap angaje tèt yo nan Komisyon Jistis ak Lapè. Dezyèm pati lèt la ap gade kèk pwen pratik, paske Legliz la se « kominote renmen an » li ye.

Renmen, lacharite, se travay Legliz la menm (# 20). Menm si fason premye kominote Legliz la te reyalize renmen pa t kapab kenbe lè l te vin pi gran. Epoutan, « ... anndan kominote fidèl yo, pa ta dwe egziste yon fòm lamizè, kote kèk moun menm pa jwenn sa ki nesèsè pou yon lavi ki koresponn ak diyite yo » (# 20). Pami tout sa Legliz dwe fè genyen twa (3) bagay ki toujou dwe kenbe : Anonse pawòl Bondye a oswa temwayaj la ; genyen selebre sakreman yo oswa litiji a ; epi genyen sèvis lacharite oswa dyakoni a. « Legliz se fanmi Bondye a sou tè a. Anndan fanmi sa a, pyès moun pa dwe manke sa k nesèsè pou lavi a. An menm tan, renmen-lacharite sa a depase limit Legliz la menm » (# 25).

Lèt ansiklik la devlope sa k mare ansanm Jistis ak Renmen.

Eske « fè lacharite » pa t sèvi pou bay moun bon konsyans, pou rich yo refize fè jistis ak sa k kòrèk, epi pou yo bay konsyans yo lapè ? Eske nou pa bezwen

travay pou lajistis olye pou fè lacharite ? Pou mete aklè ki kalite relasyon ki genyen ant angajman pou genyen jistis ak sèvis lacharite a, lèt la defini byen klè ki sa n vle di lè n pale sou jistis ak ki sa n di lè n pale sou lacharite nan kad sa a.

- « *Yon chapant ki jis pou sosyete a ak pou Leta, se devwa politik la menm ; se pou sa li la. Si yo pa dirije yon Leta selon lajistis, li tounen yon bann atoufè. Dwe genyen yon distenksyon ant Leta ak Legliz, sa Konsil Vatikan 2 te rele otonomi reyalite tè a. Distenksyon sa a fè pati chapant fondamantal relijyon kretyen an menm. Leta pa kab fòse yon relijyon sou moun, men li dwe garanti libète yo ak lapè ant fidèl diferan relijyon yo. Bò kote pa l, Legliz, ki se espresyon sosyal lafwa kretyen an, genyen endepandans li. Fòm kominote li baze sou lafwa li. Leta dwe respekte l.* » Lajistis se objektif tout politik la. Konsa, Leta pa kab evite kesyon ki jan pou reyalize jistis la isit ak kounye a ? Men gen yon lòt kesyon ki dwe reponn dabò : ki sa ki jistis ? Pou reponn kesyon sa a, nou toujou dwe ap pirifye fason n reflechi, paske enterè ak pouvwa kapab vegle reflexksyon n moralman.
- Sou pwèn sa a politik ak lafwa jwenn ansanm. Li sèten, lafwa se rankontre ak Bondye vivan an. An menm tan li se yon fòs k ap pirifye fason n kalkile. Se kote ansèyman sosyal katolik la jwenn plas li. Li pa vle bay Legliz la yon pouvwa sou Leta. Li pa vle fòse moun ki pa gen menm lafwa ak li yon fason pou wè oswa pou viv ki pa pou yo. Li sèlman vle bay kontribisyon pa l pou pirifye fason moun kalkile, li vle ede pou yo kapab rekonèt sa ki jis isit la e kounye a, epi pou yo kapab reyalize li.
- Ansèyman sosyal legliz la fè tout rezonman li yo apati yon mòd panse ki vle konsidere sa tout moun dakò sou li a, sitou lè n gade ki sa yon moun ye. Li konnen se pa wòl Legliz la menm pou chèche mwayen politik pou reyalize ansèyman sa a : li vle fòme konsyans moun yo nan domèn politik la, li vle pou moun konprann sa jistis la mande vreman, an menm tan, li vle grandi disponiblite moun pou aji anfavè li, menm si sa kontrè ak kèk sitiyasyon enterè pèsònèl.
- Legliz pa kapab epi li pa dwe pran nan men pa l batay politik la pou mete sou pye yon sosyete ki pi jis posib. Li pa kapab epi li pa dwe mete l nan plas Leta. Men, li pa kab rete sou kote nan batay pou jistis la. Yon sosyete jis se pa rezilta travay Legliz la, se politik la ki dwe reyalize li.

Men, sa ki enterese Legliz la anpil, se travay pou genyen jistis, pou louvri entelijans ak volonte moun yo pou reponn egzijans sa k byen an.

Men kèk lide sou lacharite.

- « *Renmen, oswa lacharite, ap toujou nesesè, menm si yon sosyete pi jis posib. Pa genyen yon òganizasyon jis pou sosyete a ki kapab fè sèvis renmen an pa p nesesè ankò. Toujou ap genyen soufrans ki mande konsolasyon ak èd. Toujou ap gen moun ki pou kont yo. Leta ki vle prevwa tout bagay, ki pran tout bagay pou li, ap tounen yon gwo biwokrasi ki menm pa kab bay moun k ap soufri a sa l pi bezwen an : devouman youn pou lòt ak renmen. Nou pa bezwen yon Leta ki vle regle epi dominen tout bagay. Okontrè, nou bezwen yon Leta ki rekonèt epi ki soutni ak anpil jenewozite, selon prensip sibsidyarite a, tout inisyativ ki sòti nan divès fòs sosyal yo, ki mete ansanm sa k pouse pou kont kò l ak sa ki toupre moun yo e ki bezwen èd la. » (# 28)*

Men ki jan jistis ak charite mache ansanm

- Mete sou pye yon chapant sosyal ki jis, ki kòrèk, sa se travay politik la. Wòl Legliz la menm se travay pou pirifye mòd panse moun yo ak reveye fòs moral yo ki pou kreye chapant yo epi ki pou fè yo fonksyone kòm sa dwa.
- Se devwa fidèl layik yo pou travay pou mete sou pye yon chapant ki kòrèk pou sosyete a. Yo se sitwayen yon Leta ki dwe patisipe nan lavi piblik la. Yo dwe travay pou fè vanse sa k nan enterè tout moun nan kominote a. Renmen an dwe antre nan tout sa layik yo fè, ni nan aktivite politik yo tou.
- « *Lacharite kretyen, se anvan tout lòt bagay yon repons senp sou sa ki nan yon sitiyasyon konkrè, parèt tankou yon bezwen ki mande yon repons lapoula. Moun ki grangou bezwen manje, moun ki touni bezwen rad, sa k malad bezwen swen pou geri, sa k nan prizon bezwen vizit, el. Oganizasyon Legliz ki la pou lacharite dwe fè tout sa yo kapab pou mete moun ak mwayen pou fè travay sa yo. » (# 31) Pou yon seri tach menm, moun bezwen konpetans, tankou pou pran swen malad yo. Men se pa sèl konpetans teknik malad yo bezwen. « *Moun k ap travay nan divès enstitisyon Legliz ki pou pran swen nesesite yo dwe make diferans la pa sèlman paske yo genyen konpetans men tou paske yo pran swen lòt la ak**

tout kè yo, yon fason lòt fè eksperyans richès kapasite moun ak moun yo. » (#31). Travay sa a pa gen koulè politik ni ideyolojik. Se pa yon mwayen pou fè lòt yo vin jwenn nou. Renmen se yon bagay ki gratis ; ou pa kab sèvi ak li pou yon lòt bagay.

Men kèk bagay nou tire nan lèt sa a :

- Lèt ansiklik la montre aklè ki jan renmen Bondye ak renmen pou pwochen bezwen youn lòt. Nou pa dwe separe yo.
- Lèt la klè sou renmen ak lacharite ki dwe genyen anndan Legliz la menm. Lè n di : Legliz se fanmi Bondye a, li dwe parèt nan fason Legliz la òganize sèvis lacharite pou moun ki anndan l, ni pou sa k deyò a tou.
- Lèt la bay yon seri detay enteresan sou sa Ansèyman Legliz la ye ak sou wòl layik yo nan travay pou genyen jistis nan sosyete a.
- Legliz la pa genyen yon metòd ak yon modèl politik pou prezante oswa pou reyalize jistis nan sosyete a.
- Travay Legliz la nan domèn òganizasyon sosyete a se nan domèn motive moun yo pou yo fè bon chwa nan sans sa ki nan enterè tout moun li ye.
- Ansèyman sosyal Legliz la fè yon seri pwopozisyon pou ede moun reflechi, pou motive moun. Sa l pwopoze a, se pa yon chimen tout moun oblije swiv.

Lèt ansiklik la reflechi sou renmen ak lacharite. Nou te pran moso ki pale plis sou relasyon renmen genyen ak travay pou lajistis.

Men yon kesyon nou genyen :

Eske lèt la pa mete batay pou jistis la twòp kòm yon responsablite pou chak kretyen apa, e pa ase tankou yon responsablite tout kominote Legliz la genyen ansanm ? Bondye se renmen, menm jan tou Bondye se Sila a ki kòrèk la. Se vre, jistis ki pa gen renmen ladan l ap tounen frèt, li kapab vire kont moun nan menm. Men an menm tan, batay pou jistis la, pou yo rekonèt diyite moun nan etan yo ba l sa ki dwa l, se yon egzijans renmen an li ye. Batay pou genyen yon Leta responsab nan chak peyi, se yon egzijans renmen pou pèp la. Lite pou genyen lwa ki kòrèk ki pèmèt pòv yo defann dwa yo, lite pou yo limite kòmès zam ak benefis y ap fè nan trafik zam, se yon egzijans renmen pou pòv ak pou kretyen vivan jodi a. Lite kont enpinite, pou

yo pini koupab yo e pou yo blije yo pran reskonsablite yo, se yon batay pou yo respekte diyite moun.

Reyalize jistis la se yon reskonsablite politik, jan ansiklik la di l la. Legliz se pa yon gwoupman politik. Men, angajman li pran yo genyen yon dimansyon politik ak sosyal ki ale pi lwen pase zè lacharite l ap fè yo. Tout sa mande yon seri refleksyon ki pa nan lèt ansiklik la jodi a. Nou pa kapab bliye : « Peyi kote Bondye Wa a, se jistis, kè kontan ak kè poze ».

(JH)

Yon ti koze sou Fowòm Sitwayen pou refòm Jistis Penal la

Nou nan yon moman kote divès pawòl ap pale sou kesyon lajistis la an Ayiti, fason l fonksyone montre aklè se enpinite ki sèl mèt ak seyè. Se pa jodi a pawòl sila yo ap pale. Sitiyasyon sila a lakòz menm etranje ap chèche **solisyon te kowosòl pou sistèm jistis la**. Yo gen tan bliye depi 1994, yo deja depanse plis pase 20 milyon dola vèt nan refòm yo deja fè pou kont kò yo san yo pa chèche enplike vrè aktè yo ki se sitwayen yo nan pwosesis refòm nan.

Malgre echèk yo, gouvènman Bonifas / Latortue a panse jouk jounen jodi a se ak dekrè yo kapab refòme sistèm jistis la ki malad jouk nan zo. **Gouvènman enterimè a aji tankou yon doktè ki sou yon malad ki fè tansyon. Tansyon malad la monte disèt otè epi doktè a mande malad la pou l manje yon jijeway sèl chak jou.** Eske ou panse yon doktè konsa se yon bon doktè, oswa yon chalatan ?

Fowòm Sitwayen an nan sans sa a ap rapouswiv ak refleksyon li yo sou pi bon refòm ki dwe fèt pou lajistis kab fonksyone kòm sadwa. Fowòm nan te mete yon **Pak sou refòm lajistis** deyò ki al jwenn divès òganizasyon dwa moun, òganizasyon nan sosyete sivil la, pati politik yo, palmantè ki te anbalotaj yo nan tout peyi a yon manyè pou yo te pran konesans travay Fowòm nan ap fè sou refòm lajistis la.

Fowòm nan kòmanse fè divès rankont ak divès sektè tankou òganizasyon dwa moun yo, yon manyè pou yo kab pran menm pozisyon sou dekrè yo ki pral pi anvlimen sistèm jistis la ki deja malad grav, epi zòt ap envante solisyon sèl pou l kab monte tansyon malad la egzile l mouri pi vit. Anvan lontan, Fowòm nan ap òganize yon fowòm espesyal pou nouvo palmantè yo kab pi byen konprann apwòch ak metòd Fowòm Sitwayen sèvi, ak rezilta li gen tan jwenn.

Lajistis twò enpòtan, pou n lage l nan men yon ti gwoup jiris ak Ministè Lajistis k ap fè l make pa sou plas.

Chérubin Tragélus, JILAP

Kòmantè

Lapè, Eske l fasil konsa pou l reyalize ?

Nan dènye tan an, nan peyi a, tout moun pale sou « lapè ». Sa se yon bèl bagay. Men èske lapè chita nan mantalite yo, ki fè yon lòt avni deja asire ?

Depi dezan (2) deja, nan kad Minustah gen yon inisyativ DDR (Dezameman, Devlopman, Re-ensèsyon) k ap travay. Ki rezilta travay sa a bay ? Yon gwo travay te fèt nan Kafou Fèy nan Pòtoprens. Konbyen zam yo te renmèt ? Konbyen jèn ki jwenn yon lòt posiblite pou reyalize vi yo ? Kounye a, se kòm si yo kite travay la, paske y ap anbrase tout peyi a. Men, si yo pa t reyisi nan yon katye, ki garanti ki genyen pou reyisi nan tout peyi a ?

Oxfam (yon ONG entènasyonal ki gen reprezantan nan peyi a) reprann koze a, epi li te òganize yon konsè pou lapè kont vyolans sou Plas Jeremi. Yo te asosye divès gwoup ki te kolabore nan DDR (Pwogram Devlopman, Dezameman ak Re Ensèsyon) ak inisyativ la. Malerezman, bò minwi nan finisman konsè a, gen goumen ki pete nan mitan yon gwoup patisipan. Lapolis te mal jere kesyon an, li tire bal anlè. Nan yon ti moman tout moun kite zòn nan. Grasadye, pa t gen viktim pase sa.

Depi nan mwa desanm OEA menm lanse yon inisyativ « Pè ak Tolerans » nan kad eleksyon 2005 ak 2006 yo. Plizyè sèvis relijye ak gwo manifestasyon anbyans kreye pou fè lide lapè vanse. Men, lapè se pa sèl yon lide.

Nou pa kab bliye gwo komisyon pou prepare Dyalòg nasyonal la, Prezidan Aleksann Bonifas la te mete sou pye. Li pa fasil pou di ki sa peyi a bezwen. Dyalòg nasyonal ? Dyalòg senp ? Woumble ? Chita tandè ? Ki otorite aktivite a ap genyen ? Ki moun k ap patisipe ? Sou ki sa y ap pale ? Kounye a, genyen yon Gouvènman sou plas selon sa Konstitisyon an mande, ki relasyon Dyalòg la ap genyen ak Gouvènman sila a ? Apre tout mwa sa yo gwoup la ap travay, nou pokò tandè ki sa y ap mennen. Men, yo te pwomèt anvan lontan ap genyen aktivite nan tout peyi a.

Komisyon Jistis ak Lapè a menm ap devlope plizyè aktivite ki gen awè ak bati lapè nan peyi a :

- Nan dyosèz Pòtoprens ak Gonayiv, nou deja òganize plis pase 40 seminè ki dire 4 jou chak fwa pou 35 patisipan sou *Bati lapè, rezoud konfli san gwo ponyèt*. Moun yo akeyi fòmasyon sa yo byen.
- Nan kad eleksyon, epi pou kontre vyolans nan eleksyon nan kèk zòn, Komisyon an te òganize plis pase 50 jounen refleksyon sou *Diyite Moun, Politik ak Demokrasi*. Gen lòt fòmasyon y ap prepare toujou.
- Komisyon Achidyosèz la antre nan de (2) pwojè ki gen awè ak zòn cho yo : Site Solèy ak Sen Maten. Jilap antre nan travay fòmasyon, paske nou pa espesyalis nan devlopman ; men nou konnen : travay pou lapè se chanje tout fason yon sosyete ap viv.

Nan moman Mesye R. Préval te prete sèman kòm Prezidan Repiblik la, pawòl Lapè te sonnen fò. « Lapè se kle devlopman ak chanjman. Ann pale pito, ann fè dyalòg ak negosyasyon, ann pale ansanm si gen difikilte ak pwoblèm ». Se konsa nouvo Prezidan an t ap pale.

Eske Ayiti se yon peyi kote moun yo vyolan konsa ? Lè n gade byen, nan anpil peyi sou latè genyen pi plis vyolans pase nan peyi d Ayiti. Konsa tou, Ayisyen yo fè tout moun sezi jou ki 7 fevriye 2006 pou jan preske pa t gen vyolans nan peyi a nan moman eleksyon an. Anpil peyi ki voye sòlda ak polisye nan Minustah genyen pi gwo pwoblèm ak vyolans lakay yo : Sri Lanka, Pakistan, el. Menm nan peyi Brezil, genyen anpil vyolans nan katye popilè yo.

Peyi d Ayiti konnen vyolans pa l. Genyen anpil vyolans ki pa pale. Genyen vyolans politik. Fason zam yo bèbè nan yon ti moman depi tèl ou tèl sektè fè avansman politik fè konprann rasin politik anpil vyolans genyen, san n pa bliye rasin sosyal ak ekonomik tout majinalizasyon ak mete moun sou kote genyen. Vyolans politik sa a te reskonsab anpil zak kidnapin ak vyòl.

Gen anpil vyolans toujou nan kominote lokal yo ak nan fanmi yo tou. Gen anpil vyolans nan pawòl ki pafwa blese moun anpil nan nanm yo ak nan lespri yo. Gen vyolans sou fanm ak timoun, gen kadejak menm anndan yon menm fanmi. Gen vyolans sou restavèk. Fwèt ak kout baton se gwo metòd pou fè edikasyon nan peyi a toujou. Gwo distans ant rich ak pòv, mank respè dwa sosyal, ekonomik,

kiltirèl yo se yon gwo vyolans ki fè moun sibi grangou, mank laswenyay ; li fè timoun fristre lè yo pa kab al lekòl ; li fè moun pa gen sekirite apa sou kay kote y ap rete a. Nou pokò pale sou vyolans Leta ap fè sou sitwayen yo yon fason dirèk : fason yo egzèse otorite, fason y ap maspinen moun nan gadavi, fason chak nivo nan Leta a ap prije moun pou pran yon valè lajan sou li menm pou sèvis sitwayen yo ta dwe jwenn gratis ti cheri, fason otorite ap fè vyolans sou lòt sitwayen nan trafik, lè yo pa respekte okenn règleman, paske se yo k sèl chèf ki gen iminite (kòm kwa yo pa kab pini yo fasilman).

Yon kilti lapè se yon pakèt bagay. Men ki sa k nesèsè :

- Yon Leta ki fonksyone e ki konprann wòl li ;
- Yon konpòtman demokratik ki respekte moun pou sa l ye : siwayen egale ak tout lòt yo ;
- Pou pa gen zam ki pa nesèsè lakay sitwayen yo ;
- Yon anviwònman ki pèmèt moun travay pou satisfaksyon dwa yo ;
- Yon konpòtman ant sitwayen ki respekte diyite yo chak ;
- Pou tout moun pran reskonsablite yo kòm sa dwa, pou pa gen enpinite, manti ak voye wèch kache men ;
- Yon minimòm sekirite, paske ou konnen w ap kapab viv ak tout diyite moun ou, san kè sote, san kè sere.

Tou sa fè pati yon kilti lapè. Li pa tabli nan yon sèl jou. Chak jenerasyon moun ap blije travay ak batay pou li, paske li pa reyalize yon fwa pou tout. Yon sèl bagay : nan tan n ap viv la, nan konjonkti frajil nou ladan an, anvi lapè a parèt ak plis fòs. Sa se yon okazyon nou pa dwe kite pase. Okontrè se pou n pran l pou fè yon pa nan bon direksyon an.

(JH)

Batay pou dwa moun toupatou sou latè

Pè ak Tolerans, Gad devan

Depi nan mwa desanm, OEA ak apwi CEH (Konferans Evèk yo) lanse nan peyi a yon kanpay Pè ak Tolerans nan kad eleksyon jeneral 2005-2006 nan peyi d Ayiti. Plizyè inisyativ gen tan pran, tankou :

- Yon seremoni relijye nan katedral Pòtoprens, nan dimanch 18 desanm 2005.
- Vizit Monseyè Desmond Toutou nan peyi d Ayiti. Nan okazyon sa a, se Legliz Episkopal la ki te resevwa divès sektè nasyonal ak entènasyonal yo. Monseyè Toutou te fè omeli a. Li te fè moun konprann pi gwo fòs pou travay pou lapè ak tolerans nan mitan moun, se konviksyon sa a ki fè n konprann *nou se moun Bondye renmen*.
- Pi devan yo te òganize yon konsè pou Lapè ak Tolerans sou Chandmas. Plizyè milye moun te patisipe nan evènman an. Beetova Oba te lanse yon chan pou Lapè a ; epi, plizyè lòt atis Ayisyen te bay kolaborasyon yo.

Nan kad menm aktivite sa a, Komisyon Jistis ak Lapè a te òganize nan mwa desanm ak nan mwa fevriye atravè peyi a yon seri jounen refleksyon sou tèm : *Diyite Moun, Politik ak Demokrasi*. Plis pase 50 jounen refleksyon konsa te òganize nan kad sa a.

Monseyè Toutou, se yon gwo pèsonaj ki te lite pou lapè ak rekonsilyasyon nan peyi l Afrik Disid. Apre epòk *apartheid* (gwo separasyon ant nwa ak blan, ki t ap mete nwa yo sou kote), pou ede rekonsilyasyon fèt san li pa t ankouraje enpinite, li te pwopoze rekonsilyasyon ak verite. Verite se yon gwo eleman nan jistis la.

Konsèy Dwa Moun LONI

Oganizasyon Nasyonzini an te kreye yon enstitisyon tounèf pou defann dwa kretyen vivan nan divès peyi yo ki manm Oganizasyon an. Enstitisyon an rele Konsèy Dwa Moun LONI an. Li vin ranplase Komisyon Dwa Moun nan ki te la anvan an.

Ki sa ki nouvo nan Konsèy sila a ? Fason Konsèy la konpoze pa menm jan ak sa k te la anvan an. Epitou, règchwèt yo ki tabli pou Konsèy la fonksyone, ta dwe pèmèt li fè yon pi bon travay nan zafè defans dwa moun nan.

Plizyè enstitisyon kretyen ki angaje nan defans dwa moun salye nouvo Konsèy la tankou yon bon bagay. Yo espere Konsèy la pral ofri bay tout òganizasyon ki mele nan defans dwa moun nan yon pi gwo espas pou patisipe nan deba yo. Pami òganizasyon sa yo nou jwenn : Konsèy Ekimenik Legliz yo, Pax Christi Entènasyonal ak Federasyon Literyèn Mondyal la.

Konferans entènasyonal sou ti zam yo

Chak de (2) mwa, Jilap Pòtoprens nan tèt ansanm ak sekretarya nasyonal Jilap apibliye yon rapò sou vyolans ki genyen nan zòn metwopoliten an. Nan mwa novanm 2005 rive me 2006, nou te jwenn 263 moun mouri anba vyolans, 205 nan yo mouri ak bal. Sa fè n wè ti zam yo ki genyen nan sosyete a, se yon pwoblèm li ye. Se yon kòz lamò anpil moun. Anpil nan zam sa yo se zam ilegal yo ye. Yo pa rejistre okenn kote. Yo menm pa konnen ki jan yo rantre nan peyi a. Pafwa yo wè timoun ak zam nan men yo : kilès ki te montre yo manyen zam ?

Nan tan sa a, anpil moun pale sou lapè. Men pa gen lapè si pa gen dezameman ak kontwòl zam yo. Si se pa konsa, zam yo kapab parèt ankò nenpòt nan ki okazyon. Si yon moun pou yon rezon gen yon zam, zam sa a dwe rejistre kòm sa dwa. Sou tout bagay sa yo anpil refleksyon fèt an Ayiti ni nan lòt peyi. Plis toujou, gen rankont ak akò entènasyonal sou koze a.

Pami tout antant ak akò ki genyen pami peyi yo, genyen youn ki pale sou zafè ti zam yo. Ki lè yo te fè akò sa a ? Sete nan lane 2001. Depi premye konferans sa a, anpil moun vin konprann zafè ti zam yo pi byen. Yo wè konsekans sa genyen lè genyen ti zam nan yon kominote. Yo konsyan otorite Leta yo dwe pran kèk desizyon pou pwoteje sitwayen yo kont vyolans. Konsa, nan mwa

pase, kòmanse 26 jen rive 7 jiyè 2006, te genyen yon konferans revizyon, pou egzaminen yon pwogram aksyon sou zafè ti zam yo.

Se konsa yo deja kòmanse prepare yon lòt konferans entènasyonal sou zam lejè ki dwe fèt nan lane 2011. Annatandan anpil moun kontinye mouri anba ti zam yo (sa yo rele an franse *armes de poing*, tankou revòlvè). Yo deja konnen, si anyen pa fèt, nan diferan peyi yo, 1.700.000 moun ap gen tan mouri anba zam sa yo, anvan dat nouvo konferans la rive.

Men yo konstate tou, plizyè leta yo pa montre yo cho pase sa pou prepare nouvo konferans sa a. Peyi d Ayiti, pandan 5 lane sa yo, te fè yon sèl rapò nan lane 2003 devan komite Nasyonzini an sou jefò l te fè pou kontwòl kòmès ilegal ak trafik zam.

Annatandan, plizyè òganizasyon non gouvènmantal fòme antre yo yon kowalisyon entènasyonal ki rele ki rele IANSA pou travay sou divès tèm, epi pou fè pledwaye. Men ki sijè y ap etidye :

- **Kontwòl transfè zam yo nan nivo entènasyonal.** Li gen ladan l : mezi pou pran kont yon seri transfè zam lè yo dwe sèvi pou vyole dwa moun, lè l pa klè ki moun k ap sèvi ak yo, kontwòl fwontyè yo, el.
- **Regleman nasyonal yo sou zafè zam lejè.** Li gen ladan l : ki lwa peyi yo genyen, ki jan yo fè kontwòl zam yo ki lakay yo, lit kont vyolans, el.
- **Ki sa k dwe fèt apre yon konfli.** Li gen ladan l : asistans pou viktim yo, dezameman sivil yo, lit kont vyolans, el.
- **Kesyon ki mare ak devlopman.** Li gen ladan l : ki jan pou fè pou moun pa chèche lòt zam, el.

Ki jan sa ye an Ayiti ? Nan peyi nou, depi nan finisman 2005, plizyè òganizasyon te mete tèt yo ansanm nan yon kowalisyon ki rele : Gwoup pou fè vyolans fè bak nan peyi a. Gwoup la gen tan fè yon seri rankont ak nouvo Gouvènmàn an. Gouvènmàn peyi a te voye yon reprezantan nan konferans la ki fenk fèt nan mwa jiyè 2006 la.

Sèlman, nou konstate laprès nan peyi d Ayiti pa t bay konferans la anpil enpòtans. Yo pa t pale sou li. Konsa, popilasyon peyi a pa konnen ki sa k pase nan domèn travay pou gen dezameman ak pi gwo kontwòl zam yo. Pi plis jefò dwe fèt pou plis moun okouran divès inisyativ anfavè lapè sa yo.

**Yon mekanis pou kontwole si Leta Amerik yo
mete an pratik Pwotokòl San Salvadò a
sou respè Dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl yo.**

Depi kèk lane, divès peyi Amerik Latin yo te siyen yon akò ki rele Pwotokòl San Salvadò kote Leta yo nan Kontinan Amerik la (ki fòme OEA) pran angajman pou respekte ak satisfè dwa sosyal, ekonomik ak sosyal yo (sa n rele DESC). Pwotokòl la gen fòs depi 19 novanm 1999.

Men sou ki dwa moun Pwotokòl la pale : li pale sou dwa moun pou genyen travay nan kondisyon ki kòrèk, ki ekkitab e ki satisfè bezwen yo ; li pale sou aktivite sendika yo ; sou sekirite sosyal ; dwa pou tout moun jwenn bon jan ledikasyon ak swen lasante ; sou dwa pou viv nan yon anviwònman ki anfòm ; pou gen manje pou manje ; pou moun kab jwi avantaj lakilti ; sou dwa pou kreye yon fanmi epi pou li jwenn pwoteksyon ; sou dwa timoun yo, granmoun yo ak sou moun k ap viv ak yon andikap.

Kounye a Asanble OEA a ap mete sou pye yon mekanis pou kontwole si Leta yo respekte angajman yo te pran yo. Atik 19 nan pwotokòl la pale sou enfòmasyon sa yo ki dwe genyen. Mekanis sa a dwe fikse yon seri kritè ki pou pèmèt popilasyon an atravè òganizasyon l yo jwenn enfòmasyon sou avansman respè divès obligasyon sa yo. An menm tan tou, y ap mete sou pye yon Group Travay ki pou etidye enfòmasyon sa yo epi ki dwe fòmile rekòmandasyon. Nan mwa jen 2005, Asanble a deja fikse yon seri kritè pou mezire avansman an epi li deside pou mete sou pye yon Gwoup Travay pou fòmile konklizyon ak rekòmandasyon pou divès Leta yo.

Plizyè òganizasyon sosyete sivil la nan zòn nan konsidere li enpòtan pou sosyete sivil la founi je gade si gouvènman yo vreman respekte angajman yo. Kidonk, yo panse òganizasyon yo ak sitwayen yo dwe rive okouran sou sa k ap fèt nan domèn dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl yo. Yo mande OEA pou yo asosye nan travay kontwòl sa a.

Jistis ak Lapè te ekri yon lèt bay Minis Afè Etranje nan peyi a, mesye Renald Clérismé, pou mande l pou peyi a soutni tout pwopozisyon yo ki fè kòz dwa DESC yo vanse nan Kontinan an ak nan peyi a. Leta Ayisyen te siyen pwotokòl San Salvadò a sou dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl yo, men palman an pokò ratifye l. Kidonk, nan peyi a nou dwe travay pou palman an ratifye prese prese Pwotokòl sa a ki enpòtan pou yon peyi tankou Ayiti, kote dwa sa yo pa respekte.

(JH)

CELAM

Senkyèm Konferans Evèk Amerik Latin yo (CELAM)
Ap fèt nan peyi Brezil
Nan vil Aparesida
Nan mwa me 2007

Men tèm konferans la :

DISIP AK MISYONE JEZIKRI POU PEP NOU YO GENYEN LAVI NAN LIMENM

Tèm sila a sòti nan Jan 14, 6 :
Se mwèn ki Chemen an, ki Laverite a, ki Lavi a.

Kat konferans CELAM genyen tan fèt deja :
Riyo de Janero, Medeyin, Pwebla ak Santo Domingo.

Konferans sa yo enpòtan pou aksyon pastoral tout Legliz la nan kontinan an. Sitou Konferans ki te fèt nan vil Pwebla nan lane 1979 te genyen anpil enpòtans pou Legliz la nan peyi d Ayiti, sitou poutèt fason yo te gaye konklizyon yo nan yon ti dokiman ki te rele : *Pwebla pou pèp la.*